

## ECHANTYION FÒMILÈ ÈD MEDIKAL ANYÈL POU SIYALE KONSANTMAN PARAN.

Provèns New Jersey te patisipe nan yon pwogram federal, Inisyativ espesyal Edikasyon Èd Medikal ( Special Education Medicaid Initiative (SEMI) ), depi lane 1994. Pwogram nan asiste lekòl distri yo, li bayo yon pati nan lajan ki gen rapò ak sèvis medikal ki nan pwogwam edikasyon chak elèv(IEP).

Program SEMI an anba pwoteksyon Depatman Trezò Pwovens New Jersey nan pote kole ak Depatman Edikasyon epi Divizyon Asistans Medikal ak Sèvis Sante pwovens New Jersey.

Nan lane 2013, règ ki gen pou wè ak asistans medikal konsantman paran pou lekol yo change. Koulye a avan pou anwole premye fwa nan pwogram benefis publik ak asirans pou timoun epi chak lane kap vini, lekol distri yo dwe prezante konsantman paran oubyen gadò tmoun nan yon sèl fwa sou fòm ekri.

### **Eske sa koute lajan?**

Non. IEP bay elèv yo sèvis gratis pandan yo lekòl kipap koute paran yo lajan.

### **Eske SEMI pral gen konsekans sou benefis Èd Medikal paran yo?**

Pwogram semi an pap deranje ni sèvis Èd Medikal, ni lajan, oswa limit pwoteksyon. Pwovens New Jersey òganize sèvis pwogram lekòl yo diferan de Èd medikal paran yo. Pwogram SEMI an pa deranje sèvis Èd Medikal paran ou nan okenn fason.

### **Ki kalite sèvis ke pwogram sèvis lekòl yo kouvri?**

- Evalyasyon . kosèy sikolojik
- Egzèsis pale . Egzèsis tandé
- Egzèsis travay . Swenyay
- Egzèsis fizik . Transpò espesyal

### **Ki kalite enfòmasyon yo pral pataje de pitit ou?**

Nan zafè pou soumèt reklamasyon pou SEMI remèt lajan, enfòmasyon sa yo nesesè: non, siyati, kote ou rete, kilèw fet, nimewo etidyan, nimewo Èd Medikal, endikape, dat ak kalite sèvis ki bay.

### **Kilès ki pral wè enfòmasyon sa a?**

Divizyon Asistans Èd Medikal ak Asirans Sante ansanm ak afilye pwovens New Jersey ak Depatman Trezò ak Edikasyon pou verifye si reklamasyon Èd Medikal yo kalifye, ka gen Enfòmasyon ki gen rapò ak edikasyon espesyal pitit ou.

### **Kisa ki ka rive siw change lide?**

Ou gen dwa pouw retire konsantman ki pèmèt lajan Èd Medikal la nenpòt lè pandan wap kontakte lekòl pitit ou ye a.

### **Èske konsantman oubyen refise pou konsanti ka afekte pitit ou?**

Non. Distri lekòl la toujou mande pou bay timoun nan sèvis kap pèmèt li kontinye IEP li kèlkeswa kaliofikasyon Medikal ou oubyen bòn volonte pou dakò zafè lajan pou SEMI.

### **E si ou ta renmen poze yon kesyon?**

Souple, rele Depatman Edikasyon Espesyal distri lekòl ou a siw gen kesyon, osinon pouw ka gen yon kopi konsantman ou te bay la.

Fason pou voye yo ale: ( Chwazi youn) \_ Voye bay paran pa mwayen lapòs(mail) \_ Pa mwayen entènèt(email) \_ Reyinyon IEP \_ Pote nan men

Fòmilè (?) -Jen 2013